



Echanj Enfòmasyon Medikal Fich Enfòmasyon

Yon fason pou ba ou pi bon swen posib, Depatman Sante Eta New York (NYSDOH) te pèmèt li posib pou pwofesyonèl swen sante yo echanje enfòmasyon sante ou yo atravè yon rezo enfòmatik ki rele SHIN-NY (Rezo Enfòmasyon Sante Eta New York/State Health Information Network for New York). VNS Health patisipe nan **SHIN-NY** nan kad règleman federal ak nasyonal ki otorize yo transmèt enfòmasyon sante ou yo, yon fason pou lòt pwofesyonèl swen sante kapab wè yo, pou amelyore kalite, kowòdinasyon ak efikasite swen pasyan yo, pandan y ap pwoteje vi prive ak sekirite ou.

SHIN-NY se yon “rezo ki gen plizyè rezo anndan l” ki konekte uit antiite rejyonal ki kalifye (QE) atravè tout eta New York la. Chak Antite Kalifye (oswa RHIO) eksplwate pwòp rezo pa yo epi yo kolekte dosye medikal elektwonik pwofesyonèl swen sante k ap patisipe yo.

VNS Health travay ak Òganizasyon Rejyonal pou Enfòmasyon Sante (RHIO) san bi likratif ki vin annapre yo: Bronx RHIO ak Healthix, pou bay SHIN-NY enfòmasyon demografik ak enfòmasyon sou sante ou yo.

N ap mande pou w siyen yon fòmilè NYSDOH apwouve pou nou ka bay VNS Health otorizasyon pou l aksede ak enfòmasyon ou yo epi resevwa yo nan men SHIN-NY. VNS Health ap aksede ak enfòmasyon medikal li resevwa nan men SHIN-NY yo, sèlman si ou te ba l otorizasyon ekri pou sa atravè Fòmilè Konsantman nou an.

Konsantman w lan ap rete valab jiskaske ou anile li. Ou kapab anile konsantman ou an nenpòt lè, lè w ranpli yon nouvo fòmilè kote ou refize bay VNS Health konsantman pou l jwenn aksè ak enfòmasyon ou yo nan SHIN-NY.

Pou plis enfòmasyon, ou ka ale nan: nyehealth.org/shin-ny/what-is-the-shin-ny

Kesyon yo Poze Souvan sou Echanj Enfòmasyon Sante

Ki pwofesyonèl swen sante ki pral pataje enfòmasyon mwen yo?

VNS Health patisipe nan plizyè Òganizasyon Enfòmasyon Rejyonal Sante (RHIO) nan rejon Vil New York la. Ou ka jwenn lis pwofesyonèl swen sante ki afilye ak chak òganizasyon sa yo sou sitwèb nou an nan vnshealth.org/health-information-exchange epi nou mete lis la ajou yon fason regilye.

Poukisa pou m ta swete pataje enfòmasyon sou sante mwen yo?

Lè lopital yo, doktè yo, enfimyè yo, ak lòt pwofesyonèl swen sante yo gen enfòmasyon sou sante ou, yo ka ba ou pi bon swen ak tretman. SHIN-NY pèmèt pwofesyonèl swen sante ou yo gen aksè ak dènye enfòmasyon sante ou yo—tankou egzamen laboratwa, antesan medikal, medikaman, alèji, ak lòt rapò ki lye ak sante w—rapid epi san danje pou yo kapab ba w pi bon swen posib.



Echanj Enfòmasyon Medikal Fich Enfòmasyon

Kijan pataje enfòmasyon sante mwen yo kapab amelyore kalite swen an?

SHIN-NY amelyore kalite swen w ap resevwa yo paske pwofesyonèl swen sante ou yo ap kapab ba w swen ki kowòdone. Dosye medikal ou yo ap pi konplè, sa ki ka dimininye erè yo, egzamen k ap fèt plizyè fwa yo oswa pwosedi ki chè yo. Tout doktè ou yo ak lòt pwofesyonèl swen yo ap jwenn enfòmasyon ki klè, sa k ap pèmèt yo fè dyagnostik ki pi egzat ak tretman ki plis sible.

Èske enfòmasyon sante mwen yo rete prive epi konfidansyèl?

Egzakteman. Pwofesyonèl swen sante yo respekte lwa federal ak nasyonal ki aplikab sou konfidansyalite enfòmasyon medikal yo. SHIN-NY p ap pataje enfòmasyon sante ou yo ak kèlkeswa moun nan san konsantman w, sof nan kèk sikontans tankou yon ijans kote aksè ak enfòmasyon ou yo enpòtan anpil pou sante w, oswa pou kesyon sekirite piblik.

Ki dwa mwen genyen?

Antanke yon pasyan/manm, ou gen dwa pou w deside si wi oswa non w ap bay VNS Health aksè ak enfòmasyon sante elektwonik ou yo. Si ou pa deside fè sa, pa bay otorizasyon ekri ou, VNS Health p ap jwenn aksè ak enfòmasyon ou yo nan Òganizasyon Enfòmasyon Rejyonal Sante (RHIO's) yo. Si ou bay otorizasyon ekri a epi ou chanje lide après, ou ka anile l lè ou ranpli yon nouvo fòmilè kote w refize bay konsantman w pou VNS Health jwenn aksè ak enfòmasyon ou yo nan SHIN-NY.

Si w pa chwazi bay konsantman w, VNS Health ka pa gen aksè ak enfòmasyon sou sante w ki ka petèt enpòtan epi itil pandan n ap trete w la. Si ou gen kesyon sou vi prive ou, tanpri al gade nan Joint HIPAA Notice of Privacy Practices of VNS Health OHCA (vnshealth.org/hipaa) yo te ba ou pandan admisyon w lan. (Si ou bezwen yon lòt kopi, mande enfimyè VNS Health oswa terapet ou a pou li ba w youn.)

Ki moun mwen ka kontakte pou plis enfòmasyon?

Pou w poze kesyon oswa pou w jwenn enfòmasyon, kontakte

Responsab Pwoteksyon Vi Prive VNS Health la:

220 East 42nd Street, 6th Floor, New York, NY 10017;

VNSHealthCompliance@vnshealth.org.

Operasyon espesifik ak/oswa pwofesyonèl swen sante k ap patisipe nan Echanj Enfòmasyon Sante yo ka chanje pandan nenpòt ki moman epi san preyavi, men dènye deskripsiyon an toujou disponib sou sitwèb nou an nan vnshealth.org/health-information-exchange.

Èske gen risk pou yo "vòlè idantite" m?

VNS Health pataje sèlman enfòmasyon medikal ou yo ak tout enfòmasyon sou asirans sante ki nesesè pou fakti yo. Nou p ap bay enfòmasyon finansye ou yo nan Echanj Enfòmasyon Sante a. An rezime, se pwofesyonèl swen sante yo k ap gade enfòmasyon sante ou yo pou yo kapab itilize HIE yo pou yo ba ou pi bon swen. Se pwofesyonèl swen sante ou otorize yo epi ki dakò respekte mezi sekirite ak pwosedi strik pou pwoteje vi prive ou sèlman ki kapab jwenn enfòmasyon ou yo. Yon teknoloji espesyal ap anpeche tout moun ki pa otorize yo wè enfòmasyon pèsonèl ak prive ou.

Yon mesaj espesyal sou enfòmasyon sansib.

Si ou bay konsantman w, VNS Health ka jwenn aksè ak tout enfòmasyon elektwonik sou sante w ki disponib atravè RHIO yo, epi RHIO yo ka divilge tout enfòmasyon elektwonik sou sante w ki disponib yo bay VNS Health. Enfòmasyon ki gen rapò ak sante ou yo ka gen ladan yo, men yo pa limite sèlman ak, dosye medikal ak lòt enfòmasyon medikal ki lye ak sa tankou: antesedan yon maladi oswa blesi ou te genyen (tankou dyabèt oswa yon zo kase), rezulta kèk egzamen (tankou radyografi oswa tès san), ak lis medikaman ou te pran yo. Ou ka jwenn enfòmasyon sa yo nan men lòt pwofesyonèl swen sante ak nan plan asirans sante yo. Anplis de sa, kapab genyen lòt enfòmasyon konsènan swen ou ki disponib, tankou enfòmasyon pèsonèl ak enfòmasyon prive yo ka itilize pou idantifye w; enfòmasyon sou ou ak fanmi ou; ak enfòmasyon finansye/faktirasyon.

Tanpri sonje, enfòmasyon ki gen rapò ak sante ou yo ka gen rapò ak pwoblèm sante ki sansib, ki gen ladan yo, men ki pa limite sèlman ak:

- Adiksyon (pwoblèm dwòg ak alkòl)
- Kontrasepsyón ak avòtman (planifikasyon familyal)
- Kansè
- Maladi oswa tès jenetik (ereditè), tankou enfòmasyon sou yon maladi jenetik ereditè.
- VIH SIDA
- Maladi mantal; reta mantal ak andikap devlopmantal
- Maladi kontajye ki gen ladan yo maladi moun pran nan fè bagay ak maladi veneryèl.

Otorizasyon

N ap mande w pou w bay konsantman ekri ou sou yon lòt Fòmilè Konsantman pou w kapab patisce nan Echanj Enfòmasyon sou Sante ou yo.



**Otorizasyon pou gen Aksè ak Enfòmasyon Pasyan/Manm nan
Atravè yon Òganizasyon Echanj Enfòmasyon sou Sante**

Non Pasyan/Manm nan	Dat Nesans lan	Nimewo Idantifikasyon Pasyan/Manm nan
Adrès Pasyan/Manm nan		

Mwen mande pou yo bay aksè ak enfòmasyon sante ki lye ak swen ak tretman mwen an jan sa endike nan fòmilè sa a. Mwen ka chwazi si mwen pa pèmèt founisè sèvis swen sante VNS Health yo ak plan asirans sante yo jwenn aksè ak dosye medikal mwen yo nan òganizasyon echanj enfòmasyon sante ki rele Bronx RHIO ak Healthix yo. Founisè sèvis swen sante ki rele VNS Health Home Care, VNS Health Hospice Care, VNS Health Personal Care, Medical Care at Home, PC and VNSNY Care Management IPA, ansann ak VNS Health Health Plans yo, deziyen yon fason kolektif nan fòmilè sa a antanke " VNS Health". Si mwen bay konsantman m pou sa, yo kapab konsilte dosye medikal mwen yo ki soti nan differan etablisman mwen resevwa swen sante yo atravè yon rezo enfòmatik nasyonal. Bronx RHIO ak Healthix se yon seri òganizasyon san bi likratif ki pataje, pa mwayen elektwonik, enfòmasyon sou sante moun, ki satisfè kritè konfidansyalite ak sekirite HIPAA ak Lwa Eta New York la, epi ki patisipe nan SHIN-NY (State Health Information Network for New York). Pou w aprann plis, vizite sit entènèt yo a nan:

- BronxRHIO.org
- Healthix.org

Chwa mwen fè nan fòmilè sa a P AP afekte kapasite mwen pou m resevwa swen medikal. Chwa mwen fè nan fòmilè sa a PA pèmèt konpayi asirans sante yo gen aksè ak enfòmasyon mwen yo nan objektif pou yo deside si pou yo ban mwen kouvèti asirans sante oswa si pou yo peye bòdwo medikal mwen yo.

Chwa Konsantman Mwen an. Gen YON kazyé ki kwoche agoch chwa mwen fè a. Mwen ka ranpli fòmilè sa a kounye a oswa pi devan. Mwen ka chanje desizyon mwen an nenpòt ki lè tou pandan m ap ranpli yon nouvo fòmilè.
<input type="checkbox"/> 1. MWEN BAY KONSANTMAN m pou VNS Health jwenn aksè ak TOUT enfòmasyon elektwonik sou sante mwen yo nan Bronx RHIO ak Healthix pou ban m swen sante.

<input type="checkbox"/> 2. MWEN REFIZE BAY KONSANTMAN m pou VNS Health jwenn aksè ak enfòmasyon elektwonik sou sante mwen yo nan Bronx RHIO ak Healthix pou kèlkeswa rezon an.
--

Si mwen vle refize bay konsantman m pou kèlkeswa Òganizasyon Pwofesyonèl Swen Sante ak Plan Sante k ap patisipe nan Bronx RHIO ak/oswa Healthix yo jwenn enfòmasyon elektwonik sou sante m nan Bronx RHIO ak/oswa Healthix, mwen ka fè sa pandan m ap vizite sit entènèt yo oswa lè m rele yo dirèkteman:

- [\(718\) 708-6630](http://BronxRHIO.org)
- [\(877\) 695-4749](http://Healthix.org)

Yo te reponn tout kesyon mwen yo konsènan fòmilè sa a epi yo te ban mwen yon kopi li.

Siyati Pasyan/Manm nan oubyen Reprezantan Legal Pasyan/Manm nan	Dat
Non Reprezantan Legal la an lèt Detache (si sa aplikab)	Relasyon Reprezantan Legal la genyen ak Pasyan/Manm nan (si sa aplikab)

Detay sou enfòmasyon ou jwenn atravè Bronx RHIO ak Healthix yo ak sou pwosesis konsantman an:

1. **Kijan nou ka itilize enfòmasyon w yo.** N ap itilize enfòmasyon elektwonik sou sante ou yo **sèlman** pou sèvis swen sante sa yo:
 - **Sèvis Tretman.** Ba ou tretman medikal ak sèvis ki lye ak sa.
 - **Verifikasiyon Elijiblite pou Asirans.** Verifye si wi ou non ou gen asirans sante epi kisa li kouvrí.
 - **Aktivite Jesyon Swen.** Sa yo gen ladan yo, ede ou jwenn swen medikal ki apwopriye, amelyore kalite sèvis y ap ba ou yo, kowòdone dispozisyon pou difera sèvis swen sante w ap resevwa yo, oswa sipòte ou nan suiv yon plan swen medikal.
 - **Aktivite pou Amelyorasyon Kalite.** Evalye epi amelyore kalite swen medikal ou menm ak tout lòt pasyan yo ap resevwa.
2. **Ki Kalite Enfòmasyon ki Konsène w sa Enplike.** Si ou bay konsantman w, Òganizasyon Pwofesyonèl Swen Sante (yo) ak/oswa Plan Sante (yo) ki endike yo ka jwenn aksè ak TOUT enfòmasyon elektwonik sou sante w ki disponib nan Bronx RHIO ak Healthix. Sa gen ladan I enfòmasyon ki te kreye anvan ak apre dat yo te siyen fòmilè sa a. Dosye sante ou yo ka gen ladan yo yon rapò maladi oswa blese ou te genyen (tankou dyabèt oswa zo kase), rezulta kèk egzamen (tankou radyografi oswa tès san), ak lis medikaman ou te pran yo. Enfòmasyon sa yo ka gen ladan yo pwoblèm sante ki sansib, ki gen ladan yo men ki pa limite sèlman ak:

<ul style="list-style-type: none">• Pwoblèm & Dyagnostik ki lye ak konsomasyon Alkòl oswa Dwòg• Kontrasepsyon ak avòtman (planifikasyon familyal)• Maladi oswa tès jenetik (ereditè).• VIH/SIDA• Pwoblèm sante mantal• Maladi Moun Pran nan Fè Bagay	<ul style="list-style-type: none">• Medikaman & Dòz• Enfòmasyon sou Dyagnostik la• Alèji• Rezime Antesedan ki lye ak Adiksyon• Nòt Klinik yo• Rezime Egzeyat• Enfòmasyon sou Travay	<ul style="list-style-type: none">• Sitiyasyon Lavi• Sipò Sosyal• Done sou Demann Rambousman yo• Egzamen Laboratwa• Antesedan Twomatis• Istorik Demann ranbousman Asirans Sante yo
---	---	---
3. **Ki kote Enfòmasyon sou Sante w yo Sòti.** Enfòmasyon ou yo sòti kote ki te ba ou swen medikal oswa asirans sante a. Kote sa yo ka gen ladan yo lopital, doktè, famasi, laboratwa klinik, konpayi asirans sante, pwogram Medicaid la, ak lòt òganizasyon ki fòliè echanj enfòmasyon sante pa mwayen elektwonik. Yon lis konplè epi ki ajou disponib nan Bronx RHIO ak Healthix. Ou ka jwenn yon lis ki ajou nenpòt lè pandan w ap konsilte sit entènèt yo oswa rele yo dirèkteman.
 - BronxRHIO.org (718) 708-6630
 - Healthix.org (877) 695-4749
4. **Kiyès ki Kapab Jwenn Aksè ak Enfòmasyon Ki Konsène w yo, Si Ou Bay Konsantman w.** Se sèlman doktè a ak lòt manm pèsonèl Òganizasyon ou te bay konsantman w pou li a ki kapab egzèse aktivite fòmilè sa a otorize yo, jan sa dekri anwo a nan premye paragraf la.
5. **Aksè pou Òganizasyon Sante Biblik ak Òganizasyon ki kolekte Ògàn yo.** Ajans sante biblik federal, nasyonal oswa lokal yo ak kèk òganizasyon ki fè kòlèk ògàn gen otorizasyon selon lalwa pou jwenn enfòmasyon sou sante yon pasyan san konsantman pasyan sila a pou kèk rezon sante biblik ak grèf ògàn. Antite sa yo ka jwenn aksè ak enfòmasyon ou yo nan Bronx RHIO ak Healthix pou rezon sa yo san yo pa konsidere si ou bay oswa refize bay konsantman w oubyen si ou pa ranpli yon fòmilè konsantman.
6. **Sanksyon pou Aksè Ilegal oswa Move Itilizasyon Enfòmasyon ou yo.** Gen sanksyon ki prevwa pou aksè oswa itilizasyon ki pa apwopriye ki gen rapò ak enfòmasyon elektwonik sou sante ou yo. Si nenpòt lè ou sispek yon moun ki pa ta dwe wè oswa ki pa t dwe jwenn aksè ak enfòmasyon ki konsène w yo; wè yo oubyen gen aksè avèk yo, rele Visiting Nurse Service of New York nan (212) 290-4773 oswa vizite Bronx RHIO, ak/oswa sit entènèt Healthix yo ki mansyone pi wo a; oswa rele Depatman Sante Eta New York la nan (518) 474-5423; oswa suiv pwosesis pou Depoze Plent nan Biwo federal Dwa Sivil la nan Iyen sa a: <http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/>
7. **Nouvo Biblikasyon Enfòmasyon yo.** Nenpòt òganizasyon ou te bay konsantman w pou li jwenn enfòmasyon sante ki konsène ou yo ka repibiliye enfòmasyon sila yo, men sèlman nan limit lalwa ak règleman nasyonal ak federal yo otorize sa. Yo pa ka konsilte oswa repibiliye enfòmasyon ki konsène tretman alkolis/toksikomani oubyen enfòmasyon konfidansyèl ki konsène VIH yo sèlman si yo akonpanye ak yon deklarasyon ki nesesè konsènan entèdiksyon pou repibiliye yo a.
8. **Peryòd Efektif.** Fòmilè konsantman sa a ap rete efektif jiskaske ou chwazi modifye konsantman ou a oswa jiskaske aktivite Bronx RHIO ak/oswa Healthix yo sispann (**oubyen jiska 50 lane apre lanmò ou kèlkeswa sa ki rive an premye**). Si Bronx RHIO ak/oswa Healthix fè yon sèl ak yon lòt Antite Kalifye, chwa konsantman w yo ap rete valab pou nouvo antite ki afilye a.
9. **Modifye Konsantman Ou an.** Ou ka modifye konsantman w lan nenpòt lè ak pou nenpòt Òganizasyon oswa Plan Sante, lè w soumèt yon nouvo Fòmilè konsantman ki gen nouvo chwa ou a ladan. Yon òganizasyon ki gen aksè ak enfòmasyon sante ou yo atravè Bronx RHIO ak/oswa Healthix pandan konsantman ou an toujou valab kapab kopye oswa mete enfòmasyon ou yo nan pwòp dosye medikal pa l. Menm si pi devan ou ta deside modifye konsantman ou an, yo pa gen okenn obligasyon pou yo retounen oswa retire enfòmasyon ou yo nan dosye yo.
10. **Kopi Fòmilè a.** Ou gen dwa pou w jwenn yon kopi Fòmilè Konsantman sa a.